

**Dwa w ak Responsablite w
Konsènan Èd nan Lajan ak Manje.
Your Cash and Food Assistance
Rights and Responsibilities**

Non Kliyan an (Chef Menaj)

Nimewo Idantifikasyon Kliyan an

Responsablite w (Ou Dwe)

- **Ban nou enfòmasyon w bezwen yo pou detèmine si w elijib.**
- **Ban nou yon prèv lè sa nesesè.** Nou ka pran l pou ou. Otorite federal ak etatik yo ka verifye enfòmasyon ou bay nan depatman an. Verifikasyon an ka gen ladan l kontak suivi nan men pèsonèl depatman an, ak anketè fwod.
- **Enfòmasyon yo bay nan Depatman Sèvis Sosyal ak Sante a** ka afekte elijibilite w nan kouvèti sante Health Care Authority ak Health Benefit Exchange.
- **Fè konnen chanjman yo** (pa egzantp, adrès, revni elt.) jan WAC (Washington Administrative Code, Kòd Administratif Washington) 388-418-0005 egzije sa. Deklare sa avan 10^{yèm} jou nan mwa ki vin aprè a.
- **Kolabore ak Divizyon Soutyen Timoun (Division of Child Support, DCS)** si w aksepte yon alokasyon TANF (Temporary Assistance for Needy Families, Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen). Ou dwe ede DCS la etabli, modifye oswa aplike pansyon alimantè pou timoun ki sou kont ou, epi etabli filyasyon an (si sa nesesè), jan WAC 388-422-0005 egzije sa. Ou ka refize kolabore ak DCS la si w ka demontre ou gen yon rezon valab ki fè w kwè ke kolabore ak DCS ekpoze w, ou menm, timoun ou yo oswa timoun ki sou kont ou ak yon risk prejisdiz nan men paran ki pa responsab legal.
- **Fè yon demann** epi fè yon efò rezonab pou jwenn revni potansyèl ki soti nan lòt sous lè w mande oswa jwenn yon èd ak kach.
- **Ranpli rapò yo ak egzamen yo.**
- **Respekte egzijans travay l a** pou èd lajan kach ak èd alimantè.
- **Fè nou konnen si w ta vle yon lòt moun itilize èd alimantè w la** sou non w.
- **Kolabore ak Kontwol Kalite Sèvis nou an fè.**
- **Itilize èd alimantè a sèlman pou achte manje pou manm fwaye w.**
- **Itilize èd ak lajan kach la sèlman pou avantaj manm fwaye w la.**
- **Ou dwe bay Nimewo Sekirite Sosyal** (Social Security Numbers, SSN) oswa estati imigrasyon pou moun ki mande èd. Si w chwazi pa bay nimewo sekirite sosyal oswa estati imigrasyon an pou manm fwaye a ki pa mande èd, revni ak resous tout manm fwaye a dwe verifye kanmenm, si sa nesesè, pou detèmine elijibilite.

Dwa w yo (Nou dwe)

- **Aksepte yon demann** ak non w, adrès ou, ak siyati w oswa siyati reprezantan otorize w la.
- **Ede w ranpli fòmilè DSHS (Department of Social and Health Services, Depatman Sèvis Sosyal ak Lasante) yo.**
- **Trete demann èd alimantè w la** nan yon delè sèt (7) jou si w elijib pou sèvis akselere a.
- **Bay yon resi** si w mande youn lè w bay dokiman.
- **Ba w yon desizyon alekri**, nan majorite ka, nan yon delè 30 jou.
- **Ou ka refize pale ak yon anketè Deteksyon Prekòs Fwod** (Fraud Early Detection, FRED) nan biwo Fwod ak Responsablite a Ou pa oblije kite anketè a antre lakay ou. Ou ka mande l retounen yon lòt lè. Sa pap afekte elijibilite w pou asistans.

Dwa w yo (nou dwe) Suit

- **Ou ka mande yon odyans administratif** si w pa dakò ak yon desizyon depatman an pran konsènan dosye w la. Ou ka mande yon sipèvizè tou oswa yon administratè pou reyegzamine desizyon oswa aksyon ki konteste, san sa pa afekte dwa w nan yon odyans administratif...
- **Nou dwe fè w konnen** règ limit 60 mwa a nan kad pwogram Èd Tanporè pou Fanmi ki nan Bezwen an (TANF) ak limit tan pwogram Èd ak Lajan Kach pou Refijye a (Refugee Cash Assistance, RCA), ki kòmanse apati dat kote ou te vin elijib pou avantaj refijye yo. Si dat sa se 5 me 2025 oswa aprè, limit tan an se kat (4) mwa. Si dat sa se avan 5 me 2025, limit tan an se 12 mwa. Limit tan sa pa aplike pou pwogram alimantasyon de baz ou a ni ak sibvansyon pou gad timoun.

Sa w dwe konnen sou kat EBT (Electronic Benefits Transfer, Transfè Elektwonik Avantaj) ou a

- **Move itilizasyon avantaj yo:** avantaj alimantè ak lajan kach yo distribiye atravè kat EBT a ap bay DSHS la yon istorik tranzaksyon ki montre kòman ou itilize avantaj ou yo. Depatman an pral itilize enfòmasyon sou tranzaksyon nan kad ankè sou move itilizasyon avantaj ak lajan kach la oswa echaj avantaj alimantè kont lajan oswa lòt byen ki gen valè (trafik).
- **Ranplasman kat EBT:** nou ka faktire ranplasman kat EBT a. Kenbe kat EBT w la ak Nimewo Idantifikasyon Pèsonèl ou a (Personal Identification Number, PIN) an sekirite.
- **Kat EBT ak balans ki elve:** si w pap itilize avantaj ou yo pandan plizyè mwa oswa si w akimile yon balans elve aprè plizyè mwa, nou ka kontakte w pou egzamine sityasyon w lan oswa bezwen avantaj ou a.

Sa w dwe konnen (Èd Alimantè Debaz)

- **Nou transmèt enfòmasyon** konsènan moun ki mande lòt ajans federal yo èd alimantè debaz pou yo verifiye egzaktitud li. Si gen kèk enfòmasyon ki pa kòrèk, moun k ap fè yon demann ka paka resevwa èd alimantè debaz. Si yon moun bay enfòmasyon li konnen ki pa kòrèk, yo ka fè pousuit kont li. Sanksyon paske ou anfreann entansyonèlman règ pwogram èd alimantè debaz la ka soti nan eksklizyon pwogram nan rive nan amann, e menm pèn prizon.
- **Si w vann, eseye vann, chanje oswa bay èd alimantè w** kont yon bagay ki gen valè, tankou lajan, dwòg, zam oswa tout lòt byen ki pa manje ki soti nan men yon detayan otorize (trafik), yo ka retire w nan pwogram èd alimantè a pou yon peryòd minimal yon lane, ki ka rive jis nan eksklizyon avi depi premye enfraksyon an. Eksklizyon sa rete an vigè si w kite Eta Washington nan epi fè yon demann avantaj nan yon lòt eta.
- **Si w dwe patisipe nan egzijans travay pwogram èd alimantè debaz la,** epi ou pa patisipe ou ka ekskli pou yon mwa epi jiskaske ou respekte egzijans travay yo pandan premye enfraksyon an, pou twa mwa epi jiskaske ou respekte egzijans yo pandan dezyèm enfraksyon an, pou sis mwa epi jiskaske ou respekte egzijans yo pandan twazyèm enfraksyon an epi pou chak enfraksyon ki vin aprè.
- **Yo ka retire w nan pwogram èd alimantè debaz la** paske ou anfreann yon règ nan pwogram nan, jan sa endike nan avètisman sanksyon pwogram èd alimantè debaz ki sou paj sa a.
- **Deklare depans fwaye w la si w ta renmen depatman an mete depans sa yo nan kalkil èd alimantè debaz la.** Si w pa deklare epi w pa bay prèv depans sa yo, w ap montre ou pa ta swete nou itilize depans sa yo pou detèmine si ou ka resevwa plis èd alimantè debaz.

Sa w dwe konnen (Kach - TANF)

Lè w resevwa TANF ou ka bay pansyon alimantè pou timoun yo dwa w yo ak pansyon konjigal pou divizyon soutyen pou timoun. Sa vle di DCS (Division of Child Support, Divizyon Soutyen pou Timoun) ka kenbe aryere pansyon alimantè ki akimile yo pandan w ap resevwa èd TANF lan. DCS la ap voye pansyon alimantè aktyèl yo jwenn nan pandan w ap resevwa èd TANF lan.

- **Ou dwe enfòmè DCS san pèdi tan si w resevwa pèman pansyon alimantè oswa avantaj** pou timoun pandan w ap benefisye de èd TANF la.
- **Si w sispann resevwa èd TANF** ou dwe enfòmè DCS la de tout chanjman ki afekte pansyon alimantè a, kòm si timoun nan pap viv avè w ankò oswa si adrès ou a chanje.
- **Si w gen TANF, ou ka mande yon sipleman** pou ede w peye frè lojman tanporè an ijans.

Bagay ou dwe konnen (Kach - RCA)

Lè w resevwa Èd ak Lajan Kach pou Refijye (RCA):

- **Ou dwe yon moun selibatè oswa marye ki pa gen timoun sou konn li nan fwaye.** Ou dwe di nou si w ansent oswa si w dwe okipe yon timoun, paske ou ka elijib nan yon lòt pwogram èd ak lajan kach.
- **Ou elijib pou w resevwa jiska 4 mwa èd ak lajan kach pou refijye** an fonksyon de estati imigrasyon w ak dat kote ou te vin elijib pou pwogram ak sèvis federala pou refijye yo.
- **Ou dwe patisipe nan sèvis** travay ak fòmasyon an nan 30 jou ki vin aprè w fin resevwa èd la, sa ki ka gen ladan aktivite pou ede w jwenn travay oswa aprann anglè. Ou ka pa dwe patisipe nan sèvis sa yo si w gen yon andikap grav oswa kwonik, dwe rete lakay ou pou okipe yon lòt granmoun andikape, gen 60 lane oswa plis, oswa viktim vyolans familyal.
- **Nan kad egzijans sèvis travay ak fòmasyon an,** ou dwe asiste nan tout antretyen travay, aksepte òf travay rezonab (sof si sa pa selon yon akò sendikal ou se manm li a oswa si pòs la lib akòz yon konfli travay), epi ou paka kite yon travay san rezon valab, jan sèvis nou yo detèmine sa.
- **Ou gen dwa pou yon travay ki apwopriye ak sèvis travay ak fòmasyon yo.** Tout travay ak sèvis travay ak fòmasyon an dwe sekirize, san diskriminasyon, ki gen aktivite ki selon plan w lan sèvis travay /edikasyon endividyèl ou a epi ou ka fè regilyèman, gen orè pou pòs la, epi nan yon distans trajè ki rezonab (pa plis pase de èdtan oswa sa ki akseptab pou rejyon an). Sèvis fòmasyon yo dwe gen gwo chans pou pèmèt ou jwenn yon travay, ak salè yo dwe omwen egal ak salè minimòm nan oswa pa enferyè ak sa ki peye nòmalman pou yon tarvay ki sanble ak sa.
- **Si w dwe aksepte yon òf travay oswa patisipe nan sèvis travay ak fòmasyon RCA a** epi ou pa fè sa, y ap kanpe oswa redui èd ou a. Rediksyon yo se twa mwa pou premye fwa ou pa patisipe a ak sis mwa pou chak fwa ou pa patisipe avan sa.
- **Ou dwe deklare nou tout revni si w jwenn yon travay** pou pi ta 10^{yèm} jou nan mwa ki vin aprè yo.
- **Si w andikape, avèg oswa gen plis pase 65 lane,** ou ka resevwa èd ak lajan kach pou refijye (RCA) pandan w ap fè yon demann pou lòt pwogram èd bò kot Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA). N ap ede w fè yon demann pou pwogram sa yo. Yon fwa ou elijib pou yon pwogram èd bò kot SSA, avantaj RCA w yo ap kanpe.
- **Ou paka resevwa yon RCA si,** nan 30 jou ki vin avan demann ou an, ou kite travay ou a oswa refize yon òf travay rezonab san rezon valab.

Deklarasyon sou dwa sivil ak pa fè diskriminasyon

Daprè lwa federal sou dwa sivil ak règlemantasyon ak politik ki relatif ak dwa sivil USDA (United States Department of Agriculture, Ministè Ameriken Agrikilti) a, ajans li yo, biwo, anplwaye ak enstitisyon ki patisipe nan pwogram USDA a oswa administran yo pa gen dwa fè okenn diskriminasyon sou ras, koulè, orijin nasyonal, relijyon, sèks, andikap, laj sivil, estati famiyal oswa parantal, revni ki soti nan yon pwogram èd piblik, opinyon poliik, oswa reprezay pou yon aktivite avan sa ki gen rapò ak dwa sivil, nan tout pwogram oswa aktivite USDA mennen oswa finanse (tout kritè yo pa aplike pou tout pwogram yo). Rekou avèk delè nan kad pou depozisyon plent yo varye daprè pwogram nan oswa ensidan an.

Moun andikape ki bezwen mwayen kominikasyon altènatif pou jwenn enfòmasyon sou pwogram yo (pa egzanp, bray, ekriti majiskil, anrejistremant odyo, lang siy ameriken elt.) dwe kontakte ajans etatikoswa lokal ki bay pwogram nan oswa kontakte USDA a atravè sèvis relè telefonik lan nan 711 (vwa ak TTY). Anplis de sa, enfòmasyon sou pwogram nan ka disponib nan lòt lang ki pa anglè.

Pou depoze yon plent konsènan diskriminasyon nan kad yon pwogram, tanpri ranpli fòmilè plent pou diskriminasyon nan pwogram USDA a, [AD-3027](#), disponib sou entènèt anba tit 'Kijan pou depoze yon plent diskriminasyon anba yon pwogram, nan nenpòt biwo USDA, oswa lè w ekri USDA a epi bay tout enfòmasyon yo mande sou fòmilè a. Pou mande yon kopi fòmilè plent lan, rele (866) 632-9992. Tanpri voye fòmilè ou ranpli a oswa lèt ou a bay USDA a anvan:

1. **Adrès Postal:** USDA Food and Nutrition Service, 1320 Braddock Place, Room 334 Alexandria, VA 22314; oswa
2. **Imèl:** FNSCIVILRIGHTSCOMPLAINTS@usda.gov.

Òganizasyon sa a aplike yon politik opòtinite egal.

Lè m siyen anba a, mwen konfime yo esplike m dwa ak responsablite m konsènan avantaj ak pwogram DSHS yo. Mwen konprann refize siyen dokiman sa a pa afekte elijibilite mwen, men mwen oblije respekte kondisyon pwogram nan e mwen ka sibi sanksyon ki prevwa nan pwogram nan oswa penalite kriminel ki aplikab.

Siyati Aplikan an

Dat

Siyati Ko-Aplikan an

Dat

ID ACES (Automated Client Eligibility System, Sistèm Otomatize Verifikasyon Elijibilite Kliyan) pou anplwaye DSHS: Refize siyen.